

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Dumasar kana pedaran saacanna, ieu panalungtikan ngeunaan babandingan carita anu diadaptasi tina carita pantun. Udaganana nyaéta pikeun nganalisis jeung ngadéskripsikeun struktur carita ngagunakeun tiori Robert Stanton, anu ngawengku kana téma jeung fakta carita (galur, latar, jeung palaku). Objék dina ieu panalungtikan nyaéta carita *Lutung Leutik* karya Ki Umbara jeung *Purba Sari Ayu Wangi* karya Ajip Rosidi.

Carita *Lutung Leutik* ngalalakonkeun Ratu Bungsu Karma Jaya ti mimiti ménta idin ngumbara nepi ka jadi raja. Kacaritakeun dina ieu carita yén Ratu Bungsu Karma Jaya datang ka Margacina pikeun néangan pinagaraeun jeung pipamajikaneun. Bagandan Sari anu dititipkeun ka Margacina téh dikaniaya ku Malanggi Rarang, ku lantaran aya dina impian lamun anu ngajodo jeung Ratu Bungsu téh nyaéta Bagandan Sari. Kasabaran Ratu Bungsu jeung Bagandan Sari dina nyanghareupan cocoba ti Malanggi Rarang bisa dijadikeun pangajaran pikeun manusa yén kasabaran bisa ngadatangkeun kabagjaan dina waktuna.

Purba Sari Ayu Wangi nyaritakeun kahirupan Purba Sari ti mimiti kapilih jadi ahli waris panerus tahta nepi ka jadi ratu. Kapilihna Purba Sari jadi panerus tahta, ngabalukarkeun Purba Rarang salaku lanceuk panggedéna ngarasa lamun hal ieu téh teu adil. Tuluy Purba Sari dikaniaya ku Purba Rarang. Purba Sari ahirna panggih jeung Lutung Kasarung anu bakal mantuan Purba Sari dina nyanghareupan sagala cocoba.

Babandingan struktur antara carita *Lutung Leutik* jeung *Purba Sari Ayu Wangi* kawilang loba saruana, tapi loba ogé bédana. Téma dina carita *Lutung Leutik* jeung *Purba Sari Ayu Wangi* téh sarua, nyaéta ngeunaan kasabaran hiji jalma dina nyanghareupan sagala cocoba kahirupan nepi ka hirupna bagja. Ditilik tina galurna, *Lutung Leutik* jeung *Purba Sari Ayu Wangi* miboga galur anu sarua nyaéta galur mérélé. Kapaluruh aya sapuluh adegan anu kawilang mirip. Latar dibagi jadi opat, nyaéta latar tempat, latar waktu, latar sosial, jeung latar budaya. Katitén sababaraha latar tempat dina *Lutung Leutik* jeung *Purba Sari Ayu Wangi* anu sarua saperti hulu dayeuh, alun-alun, balong, Buana Pancatengah, jeung Kahyangan. Latar séjén anu

Mita Nurfitriyani, 2022

BABANDINGAN CARITA LUTUNG LEUTIK KARYA KI UMBARA JEUNG PURBA SARI AYU WANGI KARYA AJIP ROSIDI (Ulukan Struktural jeung Sastra Bandingan)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

katitén sarua téh nyaéta latar waktu dumasar titimangsa nyaéta ayeuna. Anu pamungkas, katitén latar budaya anu sarua nyaéta pangaruh Hindu dina eusi carita saperti ayana adegan nyirep (sirep). Dumasar palakuna, kapaluruh palaku dina *Lutung Leutik* jeung *Purba Sari Ayu Wangi* miboga lalandian anu mirip, saperti Bagandan Sari jeung Purba Sari, Malanggi Rarang jeung Purba Rarang, Inderajaya jeung Indra Jaya, Si Léngsér, Ciru Winanggay jeung Wiru Mananggay, jeung pohaci. Bédana katitén tina ngaran palaku utama Ratu Bungsu Karma Jaya jeung Guru Minda.

Analisis motif indéks dina ieu panalungtikan ngagunakeun motif indéks Stith Thompson. Katitén aya sawatara motif nu sarua nyaéta ayana motif *mythologi*, *animal*, *magic*, jeung *sex*. Anapon bédana nyaéta dina *Purba Sari Ayu Wangi* leuwih loba motif séjén nu kapaluruh saperti *motif of tabu* jeung *motif reward and punishment*.

5.2 Implikasi

Dumasar kana hasil ieu panalungtikan, dipiharep ayana implikasi anu alus. Dipiharep ieu panalungtikan bisa dijadikeun salah sahiji cara neuleuman pangaweruh ngeunaan kasusastraan Sunda, hususna dina widang sastra bandingan. Lian ti éta, ieu panalungtikan dipiharep bisa jadi pustaka rujukan pikeun mahasiswa anu nalungtik ngeunaan sastra bandingan. Anapon pikeun masarakat, dipiharep bisa nambahan pangaweruh ngeunaan beungharna kasusastraan jeung kabudayaan Sunda. Utamana wanoh deui kana carita-carita pantun.

5.3 Rékoméndasi

Dina ieu panalungtikan, pasti moal leupas tina kahéngkéran jeung kaonjoyan. Ku kituna, panalungtik perlu nepikeun rékoméndasi pikeun ayana panalungtikan nu leuwih alus dina mangsa nu bakal datang. Rékoméndasi ti panulis, dipiharep leuwih loba panalungtikan nu maluruh ngeunaan sastra Sunda buhun.

Ieu hal jadi salah sahiji cara pikeun ngamumulé sastra Sunda buhun sangkan teu lapur jeung dipopohokeun ku masarakat Sundana sorangan. Ieu hasil panalungtikan masih kénéh aya kahéngkéranana, loba kénéh pasualan-pasualan lianna anu can kapaluruh. Ku sabab kitu, dipiharep pikeun panalungtik saterusna bisa nalungtik dua karya sastra di luhur atawa sastra séjénna ngagunakeun tiori nu leuwih ngirut.

Mita Nurfitriyani, 2022

**BABANDINGAN CARITA LUTUNG LEUTIK KARYA KI UMBARA JEUNG PURBA SARI AYU WANGI
KARYA AJIP ROSIDI (Ulukan Struktural jeung Sastra Bandingan)**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu